# *АПОСТОЛ ПАУЛ ТХЫЛЪЭУ ФИЛИМОН ФИТХЫГЪЭР*

**ШIуфэс ехыныр**

Сэ сы Паул. Исус Христос сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым сычIадзагъэу сычIэс. ШIу тлъэгъоу къыддэлажьэрэ Филимон, чылыс зэIукIэм щыщхэу уиунэ щызэрэугъоихэрэм, [2]тшыпхъоу Апфие, Христос пае тэ къыддэлажьэрэ Архипп, тшы Тимофей* сигъусэу мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.
[3]Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ анэшIу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

**Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишIырэмрэ зэрелъэIурэмрэ**

[4]Тхьэм селъэIу зыхъукIэ, уигугъу сэшIы зэпыт, си Тхьи щытхъу фэсэшIы.
[5]Сыда пIомэ Зиусхьанэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэу уиIэмрэ Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэуми шIулъэгъуныгъэу афыуиIэмрэ якъэбар зэхэсхыгъэшъ ары. [6]ШIошъхъуныгъэу тиIэмкIэ гъусэ укъытфэхъугъ, Христос тыгухэм зэрарылъым

2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

пае, Тхьэм шIоу къытфишIэрэ пстэури а гъусэныгъэу оррэ тэррэ
зэфытиIэм нахьыбэ къыдгуригъэIонэу селъэIу.
[7]УишIулъэгъуныгъэмкIэ инэу сыбгъэгушIуагъ ыкIи сы-
бгъэгушхуагъ, сыда пIомэ о, сшы, Тхьэм ицIыф лъапIэхэм агу
бгъэпсэфыжьыгъ.

## Паул Онесим пае Филимон зэрелъэIурэр

[8]Арышъ, Христос тыгухэм зэрарылъым пае, пшIэн фаер
унашъо пфэсшIынэу гушхоныгъэ сиIэ пэтми, [9]шIулъэгъуныгъэкIэ
сыкъыолъэIунэу нахь къэсэштэ. Сэ, Паул, сылIыжъэу ыкIи Исус
Христос сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым сычIадзагъэу сычIэсэу,
[10]скъо Онесим пае сыолъэIу, сыда пIомэ хьапсым сычIэсэу ар
скъо фэдэу хъугъэ. [11]ЫпэкIэ оркIэ Онесим ишIуагъэ къэкIо-
щтыгъэп*, ау джы оркIи сэркIи ишIуагъэ къэкIо.
[12]Ар спсэ фэдэу шIу слъэгъурэр джы къыпфэсэгъэкIожьы.
[13]КъэбарышIур зэрэзгъэIурэм пае, хьапсым сычIэсфэ, о
пчIыпIэкIэ IэпыIэгъу къысфэхъунэу садэжь щызгъэIэнэу
сыфаещтыгъ, [14]ау о умыдэу ар сэ сшIэнэу сыфэягъэп, о
уишIушIагъэ егъэзыгъэ хэмылъэу, о ар уигуапэу пшIэным пае.
[15]Зы уахътэ горэкIэ Онесим къыбгъодэкIыгъэу зыкIэхъугъэр
[16]унэIутым фэдэу мыхъужьэу, ау унэIутым нахьи нахьышIужьэу,
шIу плъэгъурэ тшы фэдэу егъашIэм бгъотыжьынэу
къычIэкIынкIи мэхъу. СэркIэ ар бэу лъапIэу щыт, оркIи ащ нахьи
нахь лъэпIэжь, цIыф фэдэу ыкIи Зиусхьаныр зыгу илъ пшы
фэдэу.
[17]Сыкъыбдэлажьэу сыолъытэмэ, сэ сызэребгъэблагъэщтыгъэм
фэдэу, ари егъэблагъ. [18]ЗыгорэкIэ иягъэ къыокIыгъэмэ, е уичIыфэ
телъмэ, сэ ар къысфэгъаз. [19]Сэ, Паул, ар сэ остыжьыщт, сэ сIэкIэ
сэтхы, ау Христос угу зэрилъым пае, сичIыфэ о зэрэптелъыр
къыосIонэу ищыкIагъэп. [20]Ары, сшы, Зиусхьаным пае уишIуагъэ
къысэгъэкI. Зиусхьаныр угу зэрилъым пае, сыгу гъэпсэфыжь.
[21]УкъызэрэсэдэIущтымкIэ сицыхьэ птелъэу къыпфэсэтхы.
СыкъызэрэолъэIурэм нахьи нахьыбэ зэрэпшIэщтри сэшIэ.
[22]НэмыкI горэмкIэ сыолъэIу: хьакIэщ горэ къысфэгъэхьазыр;
сыда пIомэ Тхьэм шъукъызэрэсфелъэIугъэм ипэгъокI фэдэу
сыкъышъуитыжьынэу сыщэгугъы.

11 ишIуагъэ къэкIощтыгъэп – Онесим къикIырэр «зишIуагъэ къакIорэр» ары.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

[23]Епафрасэу* Христос Исус зэрэфэлажьэрэм пае, сигъусэу хьапсым чIадзагъэу чIэсым шIуфэс къыуехыжьы. [24]Сэ
къыздэлажьэрэ Марки*, Аристархи, Димаси, Лукъи* шIуфэс къыуахыжьы.
[25]Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу шъугумэ къащерэф. Амин.

23 Епафрас – еплъ Кол. 1:7.

24 Марк – еплъ Кол. 4:10. 24 Лука – еплъ Кол. 4:14.